# आकाशवाणी, गोरखपुर

## दिनांक–16 अगस्त 2025 भोजपुरी समाचार

प्रदेस भर में आजु श्रीकृष्ण जन्मोत्सव श्रद्धा अउर उछाह के साथे मनावल जा रहल हवे। मथुरा अउर वृंदावन में श्रीकृष्ण जन्मोत्सव क खास तइयारी कइल गइल हौ। भगवान श्रीकृष्ण के जन्मस्थली मथुरा में श्रीकृष्ण जन्मभूमि मंदिर आ वृंदावन में श्री बांके बिहारी मंदिर, प्रेम मंदिर अउर इस्कॉन मंदिर के लेके सज्जों मंदिरन के सजावल सवारल गइल हवे।

***मथुरा आज सम्पूर्ण बृजमण्डल में श्रीकृष्ण जन्माष्टमी की चहुँओर धूम है आज लल्ला के स्वागत के लिए मथुरा वृन्दाबन नगर निगम द्वारा मथुरा–वृंदावन सहित मथुरा के प्रमुख चोराहो को आकर्षित रूप से सजाया गया है, सारे बृज के प्रमुख चोराहो पर सांस्कृतिक कार्यक्रम भजन कीर्तन चल रहे है ।***

मुख्यमंत्री योगी आदित्यनाथो आजु श्री कृष्ण जन्मोत्सव में हिस्सा लिहले अउर श्री कृष्ण जन्मभूमि मंदिर में पूजा–अर्चना कइलें। येह मौका पर उहां के मथुरावासियन के जिनगी के सरल, सुखद अउर समृद्ध बनवले के उद्देश्य से छौ सौ पैतालिस करोड़ रूपिया क एक सौ अट्ठरह गो विकास परियोजनन क लोकारपण अउर सिलान्यासों कइलें।

***हमारे कान्हा के प्रति श्रद्धा का भाव रखता है उन सबको मैं आज इस पावन तिथि की हृदय से बधाई देता हूं और उन सबके लिए अभी मैं श्री कृष्ण कन्हैया के श्री चरणों में ही प्रार्थना करके आया हूं कि उनके जीवन में शुभ और मंगल ही मंगल हो। ये कृपा उनकी सदैव बनी रहे।***

मध्यरात्रि में आजु भगवान कृष्ण क अभिषेक कइल जाई। हमरे संवाददाता बतउलें हवें कि ई भव्य उत्सव के देखे खातिर दुनियाभर से लोग मथुरा पहुंचि रहल हवें एगो रिपोर्ट–

***श्री कृष्ण जन्माष्टमी पर, भगवान कृष्ण की नगरी मथुरा में भक्ति, आस्था और उल्लास के रंग देखने को मिल रहे हैं। मथुरा के सभी प्रमुख मंदिरों को रंग–बिरंगी लाइटों और फूलों से सजाया गया है। कृष्ण जन्मस्थान सेवा संस्थान के सदस्य गोपेश्वर नाथ चतुर्वेदी ने बताया कि सशस्त्र बलों की वीरता को सम्मान देने के लिए मथुरा कृष्ण जन्मभूमि मंदिर में ऑपरेशन सिंदूर का एक बोर्ड लगाया गया है। साथ ही इस वर्ष जन्माष्टमी पर भगवान कृष्ण सिंदूर फूल बंगले से दिव्य दर्शन देंगे। उन्होंने बताया कि भगवान कृष्ण का अभिषेक मध्यरात्रि में किया जाएगा। भक्तों की भारी भीड़ को देखते हुए सुरक्षा के कड़े इंतजाम किए गए हैं। ओम अवस्थी, आकाशवाणी समाचार, लखनऊ।***

ओही,, बनारस, प्रयागराज, लखनऊ अउर गोरखपुर के लेके प्रदेस के कई गो जिलनों में श्रीकृष्ण जन्मोत्सव मनावल जा रहल बा। भगवान श्रीकृष्ण के लीला से जुड़ल झांकी लोगिन के आकर्षण क खासि केन्द्र बनि रहल हौ।

**********

राष्ट्र आजु पूर्व प्रधानमंत्री भारत रत्न अटल बिहारी वाजपेयी के सातवां पुण्यतिथि पर श्रद्धांजलि दे रहल हवे। बरिस दुइ हजार अट्ठारह में सोरह अगस्त के ओनकर सरगबास भइल रहे। बरिस दुइ हजार पनरह में ओन्हें भारत के सर्वोच्च नागरिक सम्मान भारत रत्न से अलंकृत कइल गइल। राष्ट्रपति द्रौपदी मुर्मु, प्रधानमंत्री नरेन्द्र मोदी आ अउरियों केन्द्रीय मंत्री अउर राजनीतिक नेता लोगि राष्ट्रीय राजधानी में ओनकरे समाधी सदैव अटल पर फूल माला चढ़वलें।

ओहर, मुख्यमंत्री योगी आदित्यनाथ लखनऊ के लोकभवन में श्री अटल जी के मुरती पर  माल्यापर्ण कइ के सरधांजलि देके ओनकरे स्मृतियन के नमन कइलें। ये मौका पर मुख्यमंत्री कहलें कि अटल जी क छौ दसक लमहर राजनीतिक जीवन भारतीय राजनीति के नया दिसा देवे वाला रहल हौ।

**********

आजु पारसी नव वर्ष मनावल जा रहल बा। येह मौका पर प्रधानमंत्री नरेन्द्र मोदी देशवासियन के बधाई अउर सुभकामना दिहलें हवें। सोसल मीडिया पर एगो पोस्ट में प्रधानमंत्री कहलें हवें कि देस के पारसियन के लगतारे जोगदान पर गर्व हौ। श्री मोदी इहो आसा जतवलें कि ई बरिस सगरों लोगिन खातिर सुख, समृद्धि अउर बढ़िया स्वास्थ्य लेके आई।

**********

बरखा अउर बैराजन से पानी छोड़इले के नाते प्रदेस के कई गो जिलन में नदियन क जलस्तर बढ़ि गइल हौ, राहत अउर बचाव कार्य जारी बा। मुख्यमंत्री के निरदेस पर प्रदेस के सज्जों मंत्री अलगि–अलगि परभावित जिलन क दौरा कई के राहत सामग्री बटले के साथहीं बचाव कार्यन क समीक्षा कई रहलि हवे। येही क्रम मे कन्नौज में आजु राज्य मंत्री असीम अरूण बाढ़ि क जायजा लिहलें अउर राहत सामग्री बटलें। ओहर गर्रा नदी में बैराज से पानी छोडइलें के नाते अगिला चौबीस घंटा में शाहजहांपुर में बाढ़ क हालति अउरियों बिगड़ले क अनेसा जतावल गइल हौ। एके ले के परसासन अर्लट जारी कइले हवे। लोगिन के सुरक्षित जगहिन पर पहुंचावल जा रहल बा।

**********